**दिन– मंगलवार** **दिनांक–24.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अमेरिकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप जनौलनि जे इजाराइल आओर ईरानक मध्य युद्ध विराम लागू भऽ गेल अछि। राष्ट्रपति ट्रंप आइ भोर मे सोशल मीडिया पर ई घोषणा कयलनि। ओ दुनू देश सँ युद्ध विरामक उल्लंघन नहि करबाक लेल सेहो कहलनि। एम्हर, इजराइल युद्ध विरामक प्रति अमेरिकी राष्ट्रपतिक प्रस्ताव पर सहमति जतौलनि अछि। प्रधानमंत्री बेंजामिन नेतन्याहू बयान जारी कऽ कँ जनौलनि जे तेहरानक परमाणु आओर बैलिस्टिक मिसाइलक खतरा कँ दूर करबाक लक्ष्य कँ प्राप्त करबाक बाद ओ युद्ध विरामक लेल सहमत भऽ गेल अछि। ओतहि, ईरानक दिस सँ अखन धरि एहि पर कोनो अधिकारिक बयान नहि आयल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि जे भारत देशहित मे उचित निर्णय लेबा मे हिचकिचायत नहि अछि। श्री मोदी नई दिल्ली मे आइ नारायण गुरू आओर महात्मा गांधीक मध्य ऐतिहासिक बाचचीतक शताब्दी समारोह कँ सम्बोधित करैत कहलनि जे सशक्त होएत भारत कँ कठिन परिस्थिति मे ठोस निर्णय लेबाक क्षमता अछि। ओ पाकिस्तान समर्थित आतंकवादक खिलाफ हालहि मे भारतक ऑपरेशन सिंदूरक चर्चा करैत कहलनि जे दुनियाँ देखलक जे कोना बाईस मिनट मे दुश्मन घुटना पर आबि गेल। श्री मोदी जनौलनि जे ऑपरेशन सिंदूर सँ आतंकवादक खिलाफ अपन ठोस नीति कँ दुनियाँक समक्ष स्पष्ट कऽ देलनि। श्री मोदी नारायण गुरू कँ श्रद्धापूर्वक याद कयलनि। ओ कहलनि देशक संकल्प कँ पूरा करबाक लेल नारायण गुरूक शिक्षा कँ सरकार जन–जन धरि पहुंचेबाक प्रयास कऽ रहल अछि।

---

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ जनौलनि जे आर्थिक विकास आओर संरचनात्म विकासक दिस केन्द्र सरकार पछिला दस बरख मे उल्लेखनीय काज कयलनि अछि। मुजफ्फरपुर स्थित ललित नारायण मिश्रा कॉलेज ऑफ बिजनेस मैनेजमेंटक स्थापना दिवस पर आयोजित सभा कँ सम्बोधित करैत ओ युवा सभसँ देशक विकास मे योगदान देबाक आह्वान कयलनि।

———————————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दलमे चलि रहल सांगठनिक चुनावक अंतर्गत राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक लेल भरल नामांकन पत्रक जाँच आइ कयल गेल। राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक लेल लालू प्रसाद यादव नामांकन भरलनि अछि। किओ आन नामांकन पत्र नहि भरलनि अछि। पाँच जुलाई कँ अध्यक्ष पद पर निर्वाचनक औपचारिक घोषणा कयल जायत। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय, राजद अध्यक्ष पदक लेल लालू प्रसादक नामांकन पत्र भरबा पर अपन प्रतिक्रिया मे कहलनि जे आरजेडी परिवारवाद सँ बाहर अबिये नहि सकैत अछि। पटना मे पत्रकार सभसँ बातचीत करैत श्री राय कहलनि जे आरजेडी एकटा परिवारवादी पार्टी अछि, जे भ्रष्टाचार आओर पारिवारिक हित साधबाक लेल बनाओल गेल अछि।

———————————————————————————————

नवादा जिलाक गोविंदपुर थाना क्षेत्र स्थित ककोलत जलप्रपात मे भीषण बाढ़िक स्थिति बनल अछि। राज्य सँ सटल झारखंडक क्षेत्र सभ मे बेसी बरखाक कारणे आइ अनचौकहि आएल बाढ़ि सँ संपूर्ण क्षेत्र जलमग्न भऽ गेल अछि। प्रशासन स्थिति कँ देखैत पर्यटक सभक आवाजाही कँ पूर्णतः प्रतिबंधित कऽ देलक अछि। संगहि आपात दलक मददि सँ जलप्रपात आाअेर लऽग–पासक क्षेत्र सभ मे राहतक काज चलाओल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

राज्य सरकार सभ पंचायत मे विवाह भवन बनेबाक निर्णय लेलक अछि। एहि लेल ”मुख्यमंत्री कन्या विवाह मंडप योजना” कँ मंजूरी देल गेल अछि। कैबिनेट विभाग कँ अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेटक बैठक मे एकरा लेल चालीस अरब छब्बीस करोड़ पचास लाख रूपयाक राशि के स्वीकृति देल गेल अछि।

———————————————————————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मॉनसून राज्यक अधिकांश भाग मे सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सीवान, किशनगंज, अररिया, कैमूर आओर बक्सर समेत राज्यक कतेको भाग मे भारी बारिश दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चौबीस घंटा मे पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी आओर सुपौल जिला मे किछु स्थान पर खूब बरखाक आशंका अछि। एहि लेल ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————————————

समाप्त भेल।